

GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE KLEMANS A PAPA IMIGRAN KI SOTI BRONX***Yo Te Akòde Padon bay Baba Sillah nan Bronx Ki Ap Fè Fas a Depòtasyon Iminan Baze sou Enfraksyon Piti, Ki Pa Vyolan yo Ki Te Rive Plis Pase Dis Ane de sa***

Gouvènè Andrew Cuomo te akòde jodi a yon padon bay yon papa senk timoun piti, ki te yon manm ki ap kontribiye nan sosyete a epi ki pa te komèt krim pandan plis pase 10 an, men ki aktyèlman sijè a depòtasyon pa gouvènman federal la. Mesye Sillah te imigre nan peyi Etazini lè li te gen laj 22 an, sove anba yon papa opresè nan peyi Ganbi epi, tankou anpil lòt moun, espere vin gen yon pi bon avni nan peyi Amerik. Li te marye ak yon sitwayèn Amerikèn epi yo te fè senk pitit. Poutèt li te rantre nan peyi sa a kòm yon vizitè, yo pa te pèmèt li travay epi li te vann rad ak materyèl san yon lisans, epi yo te akize li pou divès deli minè ak vyolasyon piti yo. Li an konsekans te jwenn yon travay kòm yon pòtye, yon pozisyon travay ke li te okipe pandan 15 an epi peye enpo pandan 15 an.

“Pandan ke Prezidan Trump obsede nan konstwiksyon yon mi pou kenbe imigran yo deyò, fanmi New York lan konnen ke divèsite li se fòs nou”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Konpasyon ak jistis se fason Empire State fonksyone, epi Mesye Sillah se papa senk pitit ki merite rete ak fanmi li.”

Yo te arete Mesye Sillah depi mwa Janvyè, apre li te parèt nan yon randevou woutinye Ranfòsman Imigrasyon ak Dwanye (Immigration and Customs Enforcement, ICE) Ameriken an, ke li te konn fè jan yo te mande pandan 17 an. Yo te kenbe li nan prizon nan Etablisman Koreksyonèl Hudson lan (Hudson Correctional Facility) ki nan Kearny, New Jersey epi resamman li te aplike pou klemans nan New York. Apre ke yo te pwograme liberasyon li pou fen mwa Fevriye, depòtasyon li an te ajoune pa yon apikasyon ijans nan tribinal distrik federal la. Li apre sa te parèt devan tribinal sa a nan Vandredi, kote li ta pral kapab prezante padon sa a kòm plis evidans ki montre ke yo ta dwe kontinye ajoune depòtasyon li an. Si tribinal la deside an favè Mesye Sillah, alòs ak padon sa a, li pral kapab aplike pou yon egzansyon inadmisibilite pou anpeche depòtasyon li yon fwa pou tout, epi pèmèt li kontinye ak natiralizasyon atravè madanm li, ki se yon sitwayèn Amerikèn.

Hector Figueroa, Prezidan 32BJ SEIU, te deklare, “Nou felisite Gouvènè Cuomo poutèt li akòde yon padon epi poutèt li ap montre otorite imigrasyon yo sa ke nou konnen an, ke Baba Sillah se yon moun New York ki travay di ki gen plas li nan fanmi li. Nou pral kontinye sipòte li ansanm ak fanmi li jiskaske li retounen lakay li bò kote madanm li ak pitit li yo ki depann sou li”.

Peter Ward, Prezidan Konsèy Biznis Otelye New York lan (New York Hotel Trades Council), te deklare, “Mwen pwofondeman rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt li akòde padon sa a jodi a. Baba Sillah ansanm ak Mamou madanm li yo toulède se manm sendika ki travay di ki ap fè tout sa yo kapab pou eleve yon fanmi nan Vil New York. Yo merite rete ansanm, epi padon Gouvènè Cuomo a pral ale lwen nan ede yo retounen jwenn dinyite fondamantal sa a”.

An 1993, Mesye Sillah te imigre nan peyi Etazini lè li te gen laj 22 an, sove anba yon papa opresè nan peyi Ganbi epi, tankou anpil lòt moun, espere vin gen yon pi bon avni nan peyi Amerik. Poutèt li te rantre nan peyi sa a kòm yon vizitè, yo pa te pèmèt li travay. San yon travay, epi enkyè pou li pa ekspoze tèt li bay imigrasyon si li alète patwon travay pwospektif yo sou sityasyon imigrasyon li, Mesye Sillah te kòmanse vann rad ak materyèl san li pa gen yon lisans, nan mitan Manhattan pandan yon peryòd senk an. Pandan tan sa a, yo te dekouvri ke Mesye Sillah te koupab pou divès ti enfraksyon minè ak vyolasyon piti yo ki an rapò ak lavant li fè san lisans yo.

Mesye Sillah, ki kounye a gen laj 47 an, te evantyèlman kapab jwenn otorizasyon travay pa yon òdonans sipèvizyon ICE epi li te viv san li pa komèt krim pandan 11 an. Kounye a, antan ke yon moun New York ki angaje nan mennen yon mòd vi ki pozitif epi pwodiktif, Mesye Sillah ap travay kòm yon pòtye, yon pozisyon travay ke li te okipe epi peye enpo li pandan 15 an. Li tou se yon manm aktif sendika li an, 32BJ SEIU. Li ak madanm li, Mamou, yon menajè kay, pataje responsabilite pou pran swen senk timoun piti yo genyen yo, twa ladan yo se pitit Madam Sillah te genyen nan yon relasyon anvan sa a men ki konsidere Baba kòm papa yo. Mesye Sillah ap bay transpò, swen, ak asirans sante ki nesèsè pou nesèsite medikal konsiderab pitit gason li an. Si yo ta depòte li, fanmi Sillah ta pral pèdi yon sous swen ak sipò vital, ansanm ak revni ki nesèsè.

Sa ta pral yon gwo enjistis grav pou yo ta depòte Mesye Sillah, yon papa, yon mari, yon imigran, yon moun New York, baze sou enfraksyon sa yo pou ki li te deja sèvi santans li epi klèman devlope lwen de yo. Padon sa a pral pèmèt pou gen posibilite pou Baba Sillah ka rete bò isit la, nan peyi ke li te rele lakay li pandan plis plase mwatye lavi li.

###

Lòt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)